# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर क दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय परिसर में आयोजित पुस्तक महोत्सव दुइ हजार पचीस क सुभारंभ कइलें। नौ दिन ले चले वाला येह महोत्सव क आयोजन 'नेशनल बुक ट्रस्ट' अउर विश्वविद्यालय के संयुक्त तत्वावधान में कइल गइल हौ। मुख्यमंत्री लइकन के किताबि भेंट कइलें अउर विद्यार्थियन से बतियावत कहलें कि मनइ क सबसे सच्चा साथी बढ़िया किताब होला। उहां के कहलीं कि जब आम लोगि पढ़ेला त देस आगे  बढ़ेला। मुख्यमंत्री नौजवानन से अपीलि कइलें कि उ स्मार्टफोन पर समय बरबाद न करें अउर अध्ययन खातिर पुस्तकन से जुड़ें। येह मौका पर मुख्यमंत्री आंगनबाड़ी दीदियन अउर प्रतिभावान लइकन के सम्मानितों कइलें।

एकरे बाद, मुख्यमंत्री गोरखेपुर के गंभीरनाथ प्रेक्षागृह में सैमसंग इनोवेशन कैम्पस के ओरि से आयोजित कार्यक्रम में सामिल भइलें अउर दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय आ अउरियो प्रौद्योगिकी संस्थानन क करीब तेरह सौ छात्र–छात्रन के ट्रेनिंग क सर्टिफिकेट दिहलें। कार्यक्रम में उहां के नौजवानन के आपन हुनर विकसित कइले पर जोरि दिहलीं।

**हमारे पास स्केल है उसको स्किल कि आवश्कता है और इस दृष्टि से हमारी नेशनल एजुकेशन पॉलिसी 2020 युवाओं के स्किल डेवलपमेंट में इमर्जिंग टेक्नोलॉजी उनके जीवन में क्या परिवर्तन ला सकती है। इसमें एक बड़ी भूमिका का निर्वहन कर सकती है और मुझे प्रसंता है अपने सीएसआर फंड के सहयोग से सैमसन ने सैमसन इंनोवेशन कैम्पस के माध्यम से देश भर के 10 हजार युवाओं को फेज 3 में प्रशिक्षण के जिस कार्यक्रम में जोड़ा है उसमे उत्तर प्रदेश के 5 हजार और उसमें भी 2 हजार अकेले गोरखपुर और आसपास के क्षेत्र के है।**

**********

प्रदेस भर में आजु से यातायात महीना क सुरूआत भइल जवन तीस नवंबर ले चली। येह दौरान सज्जों जिला में यातायात अउर पुलिस विभाग की ओरि से कईगो कार्यक्रम के जरिया से लोगिन के यातायात नियम अउर सड़क सुरक्षा खातिर जागरूक कइल जाई। बनारस, प्रयागराज, जौनपुर, अयोध्या, बस्ती, सिद्धार्थनगर, गोरखपुर, महराजगंज, कुशीनगर अउर देवरिया के सथहीं कई जिला में रैली, नुक्कड़ नाटक, चित्र अउर क्विज प्रतियोगिता के जरिया से लोगिन के यातायात नियमन क जनकारी दिहल गइल।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार के ओरि से बाइस सितंबर से कई क्षेत्र में वस्तु अउर सेवाकर– जीएसटी दरन में कटौती के सथहीं बचत उत्सव क सुरुआत भइले रहल। आई जानल जाव कि येह सुधारन से अर्थव्यवस्था के कइसे बढ़ावा मिलि रहल हौ।

**नए जीएसटी सुधारों ने कारीगरों, उद्योगों और निर्यातकों को बड़ी मजबूती दी है। कपडा क्षेत्र में सिल्क और अन्य जीआई टैग वाले हटकरघा उत्पादों पर भी अब कर को घटाकर पांच प्रतिशत किया गया है इसके साथ ही हस्त निर्मित उत्पादो के कर में बडी कटौती हुई है। जीएसटी में कमी होने से हस्ताशिल्प उद्योग की प्रतिस्पर्धा बढ़ने के साथ ही रोजगार के अवसरों में भी बढोतरी हुई है। जरी के धागों में जीएसटी 12 प्रतिशत से घटाकर 5 प्रतिशत होने से साडियां सस्तीं हो गई हैं। सौम्या् और भानूप्रताप की रिपोर्ट के साथ मैं समाचार कक्ष से निखिल कुमार।**

**********

प्रबोधनी देवोत्थानी एकादसी के मौका पर अयोध्या में आजु भोरवे से पंचकोसी पैकरमा सुरू हो गइल हौ। ई पैकरमा राति दुइ बज के सत्तावन मिनट ले चली। भिन्नहिए से पैकरमा राहि पर ढेरि संख्या में सरधालु देखाई पड़त हवें। एगो रिपोर्ट–

**अयोध्या के प्रसिद्ध कार्तिक पूर्णिमा मेले का दूसरा चरण पंचकोसी परिक्रमा इस समय चरमोत्कर्ष पर हिलोरें ले रहा है। देवोत्थानी हरि प्रबोधनी एकादशी लगते ही श्रद्धालुओं ने पावन सलिला सरयू में स्नान कर, मंत्रोच्चारण के साथ परिक्रमा उठाई और फिर क्या था, ढोल–मजीरों की गूँज, साधू–संतों के भजन, महिलाओं के अवधी गायन, अबोध बच्चों से लेकर अति वृद्धों तक का मनोबल अट्ठारह किलोमीटर लम्बे परिक्रमा मार्ग पर आस्था, श्रद्धा और भक्ति के वातावरण का सन्देश बन गया और ऐसा लग रहा है जैसे श्रद्धालु माला का रूप धारण करके तीर्थ स्थल अयोध्या की उपासना कर रहे हों, साथ ही भीड़ में शामिल विदेशों से आये भारतीय अप्रवासी परिक्रमा के विश्व व्यापकता को स्थापित कर रहे हैं। तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या।**

**********

चक्रवाती तूफान मोंथा क असर पूर्वी उत्तर प्रदेस के कई गो जिला में अबहिनो चलि रहल हौ। भिन्नहिए से रूक–रूक के हल्लुकाहे से मध्यम बरखा क सिलसिला जारी हौ। जौनपुर, कुशीनगर, महराजगंज, देवरिया, संतकबीरनगर के सथहीं  आसपास के जिला में तीन दिन से हो रहल बरखा अउर बेयारी के नाते धान क पाकल फसिल के ढेरि नोकसान भइल हौ। खेत्ते में धान क फसिल गिर गइल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से बिहनहू पूर्वी उत्तर प्रदेस के कुछु जिला में मौसम अइसने बनल रही।

**********